# JASLARDÍŃ PUQARALÍQ BELSENDILIGIN TÁMIYINLEWDIŃ HUQÍQÍY TIYKARLARÍ

**Orınbetov Nietulla Turdımuratovich** – *pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent*
nietulla.orinbetov.1984@bk.ru
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogika institutı*

# ПРАВОВЫЕ ОСНОВЫ ОБЕСПЕЧЕНИЯ ГРАЖДАНСКОЙ АКТИВНОСТИ МОЛОДЕЖИ

**Орынбетов Ниетулла Турдымуратович –** *доктор философии по педагогическим наукам, доцент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# LEGAL BASIS FOR PROMOTING YOUTH CIVIC ENGAGEMENT

**Orinbetov Nietulla Turdimuratovich** – *Doctor of Philosophy in Pedagogical Sciences, Associate Professor*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** yoshlar, fuqarolik pozitsiya, yoshlar siyosati, huquqiy ong, demokratiya, fuqarolik faollik, qadriyatlar, qonunlar.

**Rezyume.** Maqolada yangi O‘zbekiston sharoitida yoshlarning fuqarolik pozitsiyasini shakllantirish masalalari tahlil qilinadi. Yosh avlodning huquqiy ongi va faol fuqarolik pozitsiyasini rivojlantirishda amalga oshirilayotgan islohotlar, davlat siyosatining asosiy yo‘nalishlari hamda ularni tartibga soluvchi normativ-huquqiy hujjatlar ko‘rib chiqiladi.

**Ключевые слова:** молодёжь, гражданская позиция, молодёжная политика, правосознание, демократия, гражданская активность, ценности, законы.

**Резюме.** В статье рассматриваются вопросы формирования гражданской позиции молодежи в условиях Нового Узбекистана. Проанализированы реформы, направленные на развитие правосознания и активной гражданской позиции молодежи, основные направления государственной молодежной политики и нормативно-правовые акты, регулирующие данную сферу.

**Key words:** youth, civic position, youth policy, legal consciousness, democracy, civic activity, values, laws.

**Summary.** This article analyzes the formation of the civic position of youth in the context of New Uzbekistan. It reviews reforms aimed at developing legal awareness and active civic engagement among young people, outlines key directions of state youth policy, and examines the legal framework regulating this sphere.

**Kirisiw.** Mámleketimiz tárepinen jaslarǵa baylanıslı mámleketlik siyasattı izbe-iz ámelge asırıw maqsetinde bir qatar normativlik-huqıqıy hújjetler qabıl etilgen. Bul hújjetler tikkeley jaslardıń jámiyette belsendi puqaralıq poziciyasın iyelewine xızmet etetuǵın huqıqıy hám institucionallıq tiykarlardı qáliplestirip bermekte. Sonıń ishinde, Konstituciyaǵa kirgizilgen jańa normalar, tarawlıq nızamlar, mámleketlik strategiyalar, Prezident pármanları, Ministrler Kabinetiniń qararlarında jaslar máselesine keń orın beriliwi bul tarawdıń ústinliginen derek beredi.

Jaslardıń puqaralıq poziciyasın qáliplestiriwde tómendegi huqıqıy tiykarlar ayrıqsha áhmiyetke iye: olardıń jámiyetlik turmısta belsendiligin támiyinlewshi mexanizmlerdiń engiziliwi, mámleketlik basqarıwda qatnasıw imkaniyatlarınıń keńeytiliwi, siyasiy hám huqıqıy sanasınıń joqarılawı ushın jaratılǵan sharayatlar. Sonıń ushın da bul maqalada jaslardıń puqaralıq poziciyasın qáliplestiriwge xızmet etip atırǵan tiykarǵı normativlik-huqıqıy hújjetlerdiń mazmun-mánisi, olardıń ámeliy áhmiyeti hám tásiri bayan etiledi.

**Izertlew metodologiyası.** Usı izertlewde ilimiy biliwdiń ulıwma hám arnawlı usıllarınan paydalanıldı. Sonıń ishinde, huqıqıy-normativ hújjetlerdi analiz etiw, logikalıq analiz, sistemalı jantasıw, sonday-aq, salıstırmalı-huqıqıy usıllar qollanıldı. Izertlew procesinde Ózbekstan Respublikası Konstituciyası, jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasattı tartipke salıwshı nızamlar, Prezident pármanları, Ministrler Kabinetiniń qararlarınıń mazmunı, áhmiyeti úyrenildi hám analiz etildi.

**Ádebiyatlar analizi hám tiykarǵı nátiyjeler.** Ásirese, Konstituciyanıń XIV babı jaslardıń huqıqları, erkinlikleri hám olardı ámelge asırıw kepilliklerin óz ishine aladı:

Konstituciyanıń jańa redakciyası, ásirese, jaslar máselesinde túpkilikli burılıs jasadı. Tiykarǵı nızamnıń XIV babında jaslar hám sport máseleleri birinshi márte erkin bap sıpatında ajıratılǵan bolıp, onda mámleket tárepinen jaslarǵa baylanıslı siyasattı ámelge asırıwdıń konstituciyalıq tiykarları belgilengen. Atap aytqanda, 77-statyada jaslarǵa baylanıslı mámleketlik siyasattıń baǵdarların, olardı hár tárepleme qollap-quwatlaw, jámiyetlik-siyasiy turmısta belsene qatnasıwın támiyinlew máseleleri belgilengen bolsa, 78-statyada jaslardıń bilimlendiriw, miynet, densawlıqtı saqlaw hám basqa da tarawlardaǵı huqıqları hám olardı ámelge asırıw kepillikleri kórsetilgen [1].

Bul baptaǵı normalar mámleket tárepinen jaslarǵa ǵamqorlıq etiw, olardıń potencialın júzege shıǵarıw, siyasiy belsendiligin xoshametlew, zamanagóy bilimlendiriw, ilim hám texnologiyalardı iyelew imkaniyatların keńeytiwge qaratılǵanlıǵın kórsetedi. Sonıń menen birge, Konstituciyanıń basqa statyaları, sonıń ishinde, 13-statya (insan huqıqları menen erkinlikleriniń ústinligi), 14-statya (demokratiyalıq mámleket principleri), 15-statya (nızam ústinligi) da jaslardıń puqaralıq poziciyasın qáliplestiriwge tikkeley tásir etetuǵın ulıwma siyasiy-huqıqıy tiykardı quraydı.

2016-jılı 14-sentyabrde qabıl etilgen “Jaslarǵa baylanıslı mámleketlik siyasat haqqında”ǵı Ózbekstan Respublikası Nızamı jaslardıń huqıqları menen máplerin qorǵaw, olardıń hár tárepleme rawajlanıwın támiyinlewdiń tiykarǵı principlerin belgileydi. Bul nızamda jaslardıń:

- bilim alıw, kásip-óner iyelew, miynet etiw huqıqları;
- huqıqıy, siyasiy, ekonomikalıq sawatlılıǵın arttırıwǵa baylanıslı ilajlar;
- Ózbekstan jaslar awqamı hám basqa da jámiyetlik shólkemler jumısınıń huqıqıy tiykarları;
- mámleketlik basqarıwda qatnasıw imkaniyatları belgilep berilgen.

Bul nızam jaslardıń puqaralıq poziciyasınıń qáliplesiwinde áhmiyetli rol atqaradı, sebebi ol jaslardı huqıqıy jaqtan qorǵawdı kepilleydi [2].

Jaslar siyasatı sheńberinde qabıl etilip atırǵan hár bir qarar hám baǵdarlama – ol bilimlendiriw, bántlik yamasa málimleme texnologiyalarına baylanıslı bolsın – puqaralıq belsendilik hám sanalı qatnasıwdı qáliplestiriwge xızmet etiwi kerek. Áne usı tiykarda 2021-2025-jıllarǵa mólsherlengen "Jaslar siyasatın ámelge asırıw strategiyası" islep shıǵılǵan bolıp, onda jaslarǵa baylanıslı siyasattıń barlıq baǵdarları boyınsha sistemalı kózqaraslar belgilengen [3].

Jaslardıń puqaralıq pozitsiyasında kóbirek tálim-tárbiya úlken rol atqaradı. Bul orında talim-tárbiya menen baylanıslı normativ hújjetler áhmiyetli orın tutadı. Búgingi kúnde jaslardıń puqaralıq poziciyasın rawajlandırıwda siyasıy hám huqıqıy mádeniyattıń ornı úlken. Bul mádeniyatqa erisiwde jaslardıń sapalı tálim alıwları baslı masele esaplanadı. "Bilimlendiriw haqqında"ǵı nızam jaslardıń puqaralıq poziciyasın qáliplestiriwde áhmiyetli rol oynaydı. Bul nızamnıń 4-statyasında bilimlendiriwdiń tiykarǵı principleri sıpatında insanıylıq hám demokratiyalıq, bilimlendiriwdiń úzliksizligi, sociallıq ádillik principlerine tiykarlanıwı belgilengen bolsa, 5-statyaǵa muwapıq, hár bir puqaraǵa bilim alıw huqıqı mámleket tárepinen kepillenedi. Nızamnıń 9-statyasında bolsa bilimlendiriw sistemasınıń tiykarǵı wazıypaları sıpatında – shaxstıń intellektuallıq, ruwxıy, estetikalıq, fizikalıq rawajlanıwın támiyinlew, onıń erkin turmısqa hám miynetke tayarlanıwına járdemlesiw, sociallıq belsendiligin qáliplestiriw sıyaqlı tárepler atap ótilgen. Bul tárepler jaslardıń tek bilimli emes, al sociallıq juwapkershilikli, sana-sezimli, intalı hám puqaralıq sana-sezimge iye shaxs sıpatında qáliplesiwine xızmet etedi. Sonday-aq, bul nızamnıń 30-32-statyaları bilimlendiriw mákemeleri arqalı puqaralıq tárbiyasın ámelge asırıw, mámleket hám jámiyet aldındaǵı juwapkershilik sezimin rawajlandırıw, jámiyetlik-siyasiy turmısta belsene qatnasıw kónlikpelerin qáliplestiriwdi názerde tutadı. Bul bolsa jaslar arasında puqaralıq poziciyasınıń qáliplesiwinde áhmiyetli rol atqaradı [4].

"Jańa Ózbekstan – 2030" strategiyasında jaslar máselesi tiykarǵı baǵdar sıpatında belgilengen. Onda:

- hár bir jastıń múnásip bilim hám kásip-óner iyelewi;
- startap hám innovaciyalıq joybarlardı qollap-quwatlaw;
- jaslardıń bántligin támiyinlew;
- huqıqıy sawatlılıq hám puqaralıq juwapkershilikti arttırıw sıyaqlı wazıypalar alǵa qoyılǵan [5].

Jıllar dawamında jaratılǵan imkaniyatlar nátiyjesinde jaslarımız jáhán pán olimpiadalarında, dúnyanıń abıraylı joqarı oqıw orınlarında bilim alıp atırǵan student jaslarımızdıń artıwı nátiyjesinde Ózbekstan jaslar rawajlanıwı global indeksinde eń tez pátlerde rawajlanıp atırǵan mámleket dep tán alınǵanı biykarǵa emes. Tashkent qalasında Jáhán jaslarınıń tınıshlıq jolındaǵı háreketi bas rezidenciyasınıń shólkemlestiriliwi, Samarqand qalasında Jaslar parlamenti aǵzalarınıń 12-global konferenciyası, "Take Off" xalıqaralıq startap sammiti hám 46-Pútkiljáhán shaxmat olimpiadasınıń ótkeriliwi bul statusın jáne de bekkemleydi.

"Ózbekstan – 2030" strategiyası mámlekettiń uzaq múddetli rawajlanıw baǵdarların belgileytuǵın milliy hújjet bolıp, puqaralıq jámiyetin joqarılatıw hám jaslardıń rolin kúsheytiw tiykarǵı máselelerden biri sıpatında kóriledi. Strategiyada jaslar tek ǵana ekonomikalıq hám bilimlendiriw tarawlarında qollap-quwatlanıp qoymastan, al olardıń jámiyetlik turmısta belsene qatnasıwı da strategiyanıń áhmiyetli baǵdarı sıpatında belgilengen.

Bárinen burın, strategiya jaslardı mámleket hám jámiyet turmısında strategiyalıq rawajlanıwdıń tayanıshı sıpatında belgileydi, bul bolsa olardıń puqaralıq poziciyasın bekkemlewge qaratılǵan kózqarastıń tiykarǵı principi bolıp esaplanadı. Onda jaslardıń jámiyettegi juwapker puqaralar sıpatında óz pikirlerin bildiriw, intalılıq kórsetiw hám sociallıq belsendi bolıwı ushın sharayatlar jaratıw máseleleri kóteriledi.

Strategiyada puqaralıq jámiyetin rawajlandırıwǵa baylanıslı anıq wazıypalar belgilengen: jámiyetlik baslamalar hám kommerciyalıq emes shólkemlerdi keńeytiw arqalı jaslardıń qatnasıwın bekkemlew, olardıń sociallıq tarmaqlar, jergilikli basqarıw hám jámiyetlik qadaǵalawda belsendi bolıwı ushın imkaniyatlar jaratıw maqset etilgen. Bul processte jaslar baspasóz, media, mádeniy hám sociallıq baslamalarda belsene qatnasadı.

Strategiya tiykarında ámelge asırılatuǵın mámleketlik baǵdarlamalarda jaslardıń potencialın arttırıw, puqaralıq poziciyasın kúsheytiw, sonday-aq, óz ideyaların jámiyet dárejesinde ámelge asırıwǵa jaslardı tartıw boyınsha anıq ilajlar jobalastırıladı. Bul hújjet jaslardıń puqaralıq belsendiligin sistemalı qollap-quwatlawdı mámleketlik siyasattıń ajıralmas bólegi sıpatında belgileydi.

Sonıń menen birge, strategiyada puqaralardıń, atap aytqanda, jaslardıń múrájatları menen usınısların orınlarda sheshiw mexanizmleri, jergilikli dárejede áhmiyetli qararlar qabıl etiw processlerinde olardıń qatnasıwı, sonday-aq, demokratiyalıq institutlar arqalı jaslardıń pikirleri menen máplerin bildiriw tiykarǵı baǵdar sıpatında kórsetip ótilgen.

Ulıwma alǵanda, "Ózbekstan – 2030" strategiyası jaslardıń puqaralıq belsendiligin támiyinlewdiń huqıqıy platformasın qáliplestiredi, olardı jámiyetlik-siyasiy turmısta belsendi bolıwǵa xoshametleydi hám olardıń baslamaları mámleketlik siyasatta itibarǵa alınatuǵın mexanizmler menen qollap-quwatlaydı.

**Talqılaw.** Bul strategiya jaslardıń sanasında milliy maqtanısh, puqaralıq poziciyası, sociallıq belsendilik sıyaqlı pazıyletlerdi rawajlandırıwǵa xızmet etedi. Strategiyada "insan – jámiyet – mámleket" principi tiykarında jaslardıń huqıqıy, siyasiy, ekonomikalıq belsendiligin arttırıw, mámleketlik basqarıw processlerinde olardıń qatnasın keńeytiw tiykarǵı wazıypalardan biri sıpatında atap ótilgen.

Prezidentimizdiń "Jańa Ózbekstan strategiyası" atamasındaǵı shıǵarmasında da jaslar mashqalası áhmiyetli baǵdarlardan biri sıpatında sáwlelendirilgen. Shıǵarmada jaslar – jańa jámiyettiń tayanıshı, zamanagóy Ózbekstannıń háreketlendiriwshi kúshi ekeni tereń tiykarlanǵan. Mámleketimiz basshısı bul shıǵarmada jaslardı zamanagóy bilim hám kásip-ónerlerge iye, salamat, erkin pikirleytuǵın, Watanǵa sadıq, joqarı mánawiyatlı insanlar etip tárbiyalaw – milliy rawajlanıwdıń tiykarǵı faktorlarınan biri ekenin atap ótedi. Sonday-aq, shıǵarmada jaslardı hár tárepleme qollap-quwatlaw, olardıń baslamaların júzege shıǵarıw ushın huqıqıy, ekonomikalıq hám sociallıq sharayatlar jaratıw zárúr ekenligi ayrıqsha kórsetip ótiledi [6].

Sońǵı jılları jaslar máselesi boyınsha bir qatar qararlar qabıl etilgen bolıp, olardıń mazmunı jaslardıń bilimli, kámil insan. fizikalıq jaqtan salamat áwlad bolıp jetisiwine xızmet etedi. Máselen: 2021-jıl 11-marttaǵı 132-sanlı qarar: "Jaslar dápteri" sisteması engizildi, bul arqalı jaslardıń sociallıq qorǵalıwı kúsheytildi [7], 2021-jıl 23-avgusttaǵı 536-sanlı qarar: "Jaslar menen islesiwde sektorlar jumısın jetilistiriw ilajları haqqında" - máhálle hám rayon dárejesinde jaslar menen islesiw sisteması kúsheytildi [8], 2021-jıl 18-yanvardaǵı 23-sanlı qarar: "Student-jaslar forumı"n ótkeriw sistemalastırılıwı [3] hám basqa da normativ hújjetler jaslardı sociallıq turmısqa tartıw, olardıń belsendiligin arttırıw arqalı puqaralıq poziciyasın qáliplestiriwge xızmet etpekte.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, joqarıda tallanǵan normativlik-huqıqıy hújjetler, strategiyalıq baǵdarlamalar tiykarında Jańa Ózbekstanda jaslar siyasatı tereń oylanǵan hám sistemalı tiykarda alıp barılıp atırǵanın kóriw múmkin. Ásirese, tiykarǵı nızamımızda ayrıqsha bap ajıratılǵanı, Prezident strategiyalarında jaslar áhmiyetli dep tabılǵanı hám Ministrler Kabinetiniń qararlarında ámeliy mexanizmler belgilengeni – bulardıń barlıǵı jas áwladtı huqıqıy jaqtan jetik, jámiyette belsendi, bekkem puqaralıq poziciyasına iye bolǵan shaxslar etip tárbiyalawǵa xızmet etpekte.

Keleshekte de bul baǵdardaǵı jumıslar dawam ettirilip, jaslar siyasatın ámelge asırıwda hám mámlekettiń, hám jámiyetshiliktiń belsendiligi ayrıqsha áhmiyetke iye.

**Ádebiyatlar**

1. O'zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. 2023.

2. O'zbekiston Respublikasining 2016-yil 14-senyabrdagi «Yoshlarga oid davlat siyosati to'g'risida»gi O'RQ-406-son Qonuni.

3. O'zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 2021-yil 18-yanvardagi «O'zbekistonda yoshlarga oid davlat siyosatini 2025 yilgacha rivojlantirish konsepsiyasini tasdiqlash to'g'risida»gi 23-son Qarori.

4. O'zbekiston Respublikasining 2020-yil 23-senyabrdagi «Ta'lim to'g'risida»gi O'RQ-637-son Qonuni.

5. O'zbekiston Respublikasi Prezidentining 2023-yil 11-sentyabrdagi «O'zbekiston – 2030» strategiyasi to'g'risida» PF-158-son Farmoni.

6. Mirziyoyev Sh. «O'zbekiston – 2030: Taraqqiyot strategiyasi». 2023.

7. O'zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 2021-yil 11-marttagi «YOshlarni ijtimoiy qo'llab-quvvatlash bo'yicha qo'shimcha chora-tadbirlar to'g'risida»gi 132-son Qarori.

8. O'zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 2021-yil 23-avgusttagi «Xududlarni kompleks ijtimoiy-iqtisodiy rivojlantirish bo'yicha sektorlar faoliyati samaradorligini baholash tizimini joriy etish chora-tadbirlari to'g'risida»gi 536-son Qarori.